

VAKSINASYON POU TOUT MOUN

Vaksen Moderna Kont COVID-19

(pou moun ki gen 18 lane oswa plis)

Vaksen Pfizer Kont COVID-19

(pou moun ki gen 6 mwa a 17 lane)

- + Premye ak dezyèm dòz yo
- + Lòt dòz anplis seri prensipal yo pou moun ki iminodeprime yo
- + Vaksen rapèl yo gen ladan yo rapèl bivalan ki ajou a

Disponib isit la pou tout moun ki elijib

Avèk COVID-19 li toujou enpòtan jounen jodi a pou w pwoteje tèt ou ak pwòch ou pou yo pa tonbe malad.

Vaksen kont COVID-19 la san danje epi li bon anpil nan redui risk pou ou malad, entènè epi menm mouri.

Ou kapab resevwa yon vaksen kont COVID-19 san w pa peye yon goud.



Aprann plis sou ki vaksen ki bon pou ou.
Eskànè kòd QR la oswa rele nan **1-844-NYC-4NYC**
(1-844-692-4692).

VAKSEN KONT COVID-19

Pifò moun kalifye kounya pou yo pran vaksen kont COVID-19:

- + Moun ki gen 6 mwa pou rive 4 lane yo ka pran twa dòz pou timoun (yon dizyèm nan fòs vaksen an) Pfizer-BioNTech lan
- + Moun ki gen 5 pou rive 11 lane yo ka pran de dòz pou timoun (yon tyè nan fòs vaksen an) Pfizer-BioNTech lan
- + Moun ki gen 12 lane ak plis ka pran de dòz vaksen Pfizer-BioNTech lan
- + Moun ki gen 18 lane ak plis ka pran de dòz vaksen Moderna

Lòt dòz anplis nan seri prensipal vaksen Pfizer ak Moderna

Yo prefere lòt dòz anplis nan seri prensipal vaksen ARNm yo pou moun ki gen sistèm iminitè ki fèb akòz yon tretman oswa yon maladi.

Yo pa rekòmande lòt dòz anplis nan seri prensipal la pou majorite moun ki gen lòt pwoblèm sante tankou dyabèt, maladi kè oswa maladi nan poumon.

Dòz rapèl COVID-19 - Moun k ap pran vaksen Pfizer ak Moderna

Timoun ki gen ant 5 a 11 lane ki te deja resevwa seri prensipal Pfizer a sa gen plis pase senk mwa elijib pou pran vaksen rapèl monovalan Pfizer a sèlman.

Pou moun ki gen 12 lane oswa plis, sèl vaksen rapèl ki otorize se vaksen rapèl bivalan ki ajou a. Moun ki gen 12 lane oswa plis pa ka pran vaksen rapèl monovalan orijinal la ankò.

Moun ki gen 12 lane oswa plis dwe resevwa yon dòz vaksen rapèl bivalan ki ajou pou pi piti de mwa aprè seri vaksen prensipal kont COVID-19 yo oswa aprè dènye rapèl la.

Moun ki vaksinen yo ka pran menm vaksen yo te resevwa antanke seri vaksen prensipal yo oswa vaksen rapèl avan an oswa yo ka pase nan youn nan de lòt kalite vaksen yo.